

## Enstriksyon Davans Advance Directive

Yon Enstriksyon Davans se sèlman yon pati plan medikal ou pou pidevan. L ap pi bon pou fanmi ou ak zanmi ou si ou pase kèk tan pou reflechi sou valè moral ou ak fason yo afekte desizyon medikal ou yo anplis preparasyon Enstriksyon Davans ou. Yon gid jeneral pou diskisyon an disponib depi ou rele 757- 856-7030 (pou gratis 1-877-287-6061), oswa depi ou ale sou Entènèt nan sitwèb [www.riversideonline.com](http://www.riversideonline.com).

Pou ranpli Enstriksyon Davans ou:

### **Etap 1. Pale sou sa.**

Ki eksperyans ou te genyen avèk yon moun ki te mouri? Èske eksperyans oswa atik jounal te fè ou panse sou sa ou ta vle si nenpòt bagay te rive ou toudenkou?

### **Etap 2. Chwazi yon Moun ki pou Pale pou Ou.**

Si ou pa kapab pale pou tèt ou, doktè yo bezwen konnen kimoun ou fè konfyans pou pale pou ou. Moun sa a ta dwe konprann chwa ou ta fè yo, epitou li ta dwe vle respekte chwa yo menmsi yo pa dakò.

### **Etap 3. Deside ki kalite tretman medikal ou ta vle si yo pa t prevwa w ap refè.**

Si ou te gen yon maladi toudenkou oswa chòk nan sèvo, epi yo pa t prevwa w ap geri, ajan swen sante ou ta dwe konnen si ou ta vle rete vivan sou ekipman sipò lavi. Ajan swen sante ou ta dwe konnen tou konbyen tretman ou ta vle nan fen yon maladi ki nan faz final.

### **Etap 4. Note Li.**

Lè ou t ap reflechi sou bagay sa yo epi ou te pale avèk moun ki pwòch ou, ou pare pou ranpli enstriksyon davans ou. Ou kapab itilize yon Enstriksyon Davans pou fè moun yo konnen tretman ou vle ak nenpòt sa ou pa vle. Ou kapab chanje Enstriksyon Davans ou nenpòt kilè, depi ou kapab fè ak konprann desizyon w ap pran yo.

### **Etap 5. Fè Konnen li.**

Bay yon kopi Enstriksyon Davans ou pou Ajan Swen Sante ou, lòt moun ki pwòch ou, ak doktè ou.

*Nan Riverside, nou fyè pou respekte chwa swen sante ou yo.*

**ENSTRIKSYON MEDIKAL DAVANS**

Mwen, \_\_\_\_\_, (Dat nesans pasyan an \_\_\_\_\_) kapab pran yon desizyon reflechi, epitou mwen kapab fè Enstriksyon Davans sa a kòm yon ekspresyon sa mwen vle yo pou tretman medikal. Y ap itilize sa a sèlman si mwen janm vin pa kapab pou pran yon desizyon reflechi.

Si gen nenpòt seksyon fòm sa a ou pa vle ranpli, pase yon kwa ladan, epi siyen nan mitan "X" la.

**SEKSYON I – DEZIYASYON YON AJAN SWEN SANTE**

Si ou pa deziyen yon ajan swen sante, jan Kòd Virginia defini sa, n ap depannde manm fanmi ki pi pwòch ou ki pou bay konsantman reflechi pou bay, refize bay, oswa anile tretman medikal yo si ou vin pa kapab pou pran yon desizyon reflechi.

Mwen deziyen moun ki endike anba la a pou vin premye ajan mwen.

Non \_\_\_\_\_ Telefòn \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Telefòn Selilè \_\_\_\_\_

Si premye ajan mwen pa disponib, oswa si li pa kapab oswa si li pa vle pran desizyon kòm ajan mwen, lè sa a mwen deziyen moun ki endike anba la a pou sèvi nan konpetans sa a:

Non \_\_\_\_\_ Telefòn \_\_\_\_\_

Adrès \_\_\_\_\_ Telefòn Selilè \_\_\_\_\_

**Pouvwa Ajan Swen Sante Mwen** (Pase kwa nan nenpòt langaj ou pa vle, epi mete nenpòt langaj ou vle.)

Pouvwa ajan mwen an dwe gen ladan sa ki anba la a:

- A. Pou bay konsantman oswa refize oswa anile konsantman pou nenpòt kalite sen sante tankou, men pa sèlman, respirasyon atifisyèl, manje ak idratasyon yo ban mwen sou fòm atifisyèl, ak re-animasyon kadyo-pilmonè. Otorizasyon sa a sitou gen ladan pouvwa pou bay konsantman pou administrasyon dòz medikaman pou soulaje doulè ki depase dòz ki rekòmande nan yon kantite ki ase pou soulaje doulè a, menmsi medikaman an gen risk akoutimans oswa risk pou fè mwen mouri pi vit san se pa espere yo fè sa.
- B. Pou mande, resevwa, epi revize nenpòt enfòmasyon, konsènan sante fizik mwen oswa sante mantal mwen, epitou pou bay konsantman pou divulgasyon enfòmasyon sa yo.
- C. Pou anplwaye ak ranvwaye founisè swen sante mwen yo
- D. Pou otorize admisyon oswa egzeyat mwen nan nenpòt sant swen medikal
- E. Pou kontinye sèvi kòm ajan mwen menmsi mwen vin pa kapab pou pran yon desizyon reflechi, epi pou konteste otorizasyon yo
- F. Pou otorize patisipasyon mwen nan rechèch sou swen sante ki ta ka nan avantaj mwen
- G. Pou otorize patisipasyon mwen nan rechèch swen sante pou ankouraje byennèt imen, menmsi li pa ta nan avantaj mwen
- H. Pou pa mite moun ki endike anba la a vizite mwen pandan mwen nan yon sant swen sante:

---

(si ou seksyon sa a rete vid, mwen pa vle restriksyon sou vizitè yo.)



Pou bay ajan ou otorizasyon pou anile kontestasyon ou nan enstriksyon ki endike nan dokiman sa a, ranpli Dokiman Sipleman tè Kontestasyon ou ka jwenn si ou ale nan sitwèb [www.riversideonline.com](http://www.riversideonline.com), oswa si rele (757) 856-7030; nimewo pou rele gratis (877) 287-6061.

## SEKSYON II – ENSTWIKSYON JENERAL POU SWEN SANTE

Mwen espesyalman mande pou mwen resewa swen sante ki endike anba la a si li apwopriye pou rezon medikal:

---

---

Mwen espesyalman mande pou yo pa ban mwen swen sante ki endike anba la a, menmsi yo dekouvri mwen gen yon maladi ki nan dènye faz:

---

---

## SEKSYON III – ENSTRIKSYON POU SWEN SANTE NAN DÈNYE ETAP LAVI

*Nan seksyon A ak B ki anba la a, mete inisyal ou toupre deklarasyon ki endike sa ou vle yo. Si ou pa vle bay enstriksyon espesifik, men ou pito kite ajan swen sante ou fè chwa kin annamoni avèk sa ou vle yo, ou ka pase kwa sou seksyon sa, epi ou ka ekri “pa en enstriksyon” nan maj la.*

- A. **Maladi ki nan dènye faz:** Si doktè k ap trete mwen an detèmine mwen pral mouri (nan yon ti tan), epi tretman medikal mwen p ap ede mwen refè: (mete inisyal ou nan espas vid ki toupre deklarasyon an pou chwazi youn nan sa ki anba la a)

\_\_\_\_\_ Mwen pa vle okenn tretman pou pwolonje lavi mwen. Sa gen ladan manje nan tib, likid IV (nan venn) re-animasyon kadyo-pilmonè (CPR), respiratè atifisyèl/respiratè (machin pou respire), ak dyaliz ren. Mwen mande pou yo kite mwen mouri yon fason natirèl. Yo dwe kontinye ban mwen medikaman oswa pwosedè ki bay konfò oswa ki soulaje doulè.

\_\_\_\_\_ Mwen vle tout medikaman ki apwopriye pou pwolonje lavi mwen otank posib.

Lòt enstwiksyon: \_\_\_\_\_

---

- B. **Maladi oswa chòk nan sèvo ki pèmanan oswa grav:** Si pwoblèm medikal mwen fè mwen pa rekonèt tèt mwen oswa moun ki bòkote mwen yo, oswa si mwen pa kapab kominike avèk lòt moun, epi si yo rekonèt mwen p ap janm refè ditou: (mete inisyal ou nan espas vid ki toupre deklarasyon an pou chwazi youn nan sa ki anba la a)

\_\_\_\_\_ Mwen pa vle okenn tretman pou pwolonje lavi mwen. Sa gen ladan manje nan tib, likid IV (nan venn) re-animasyon kadyo-pilmonè (CPR), respiratè atifisyèl/respiratè (machin pou respire), ak dyaliz ren. Mwen mande pou yo kite mwen mouri yon fason natirèl. Yo dwe kontinye ban mwen medikaman oswa pwosedè ki bay konfò oswa ki soulaje doulè.

\_\_\_\_\_ Mwen vle tout medikaman ki apwopriye pou pwolonje lavi mwen otank posib.

\_\_\_\_\_ Mwen vle eseye tretman yo pou yon peryòd tan nan lespwa pou eta sante mwen amelyore.

Mwen sijere \_\_\_\_\_ kòm peryòd tan apre lè yo ta dwe sispann tretman an si eta sante mwen pa amelyore. Ajan swen sante mwen ta dwe deside peryòd tan sa a ansanm avèk doktè mwen.

Lòt enstwiksyon: \_\_\_\_\_

---



## SEKSYON IV – DON ÒGÀN OSWA TISI

\_\_\_ M ap fè don ògàn, zye ak tisi mwen yo pou yo itilize nan transplantasyon.

\_\_\_ M ap fè don ògàn, zye ak tisi mwen yo pou yo itilize nan terapi, rechèch ak edikasyon.

\_\_\_ Mwen pa vle fè don ògàn oswa tisi mwen yo.

Lòt enstwiksyon: \_\_\_\_\_

*Remak: si ou vle fè don tout kò ou pou syans, ou dwe kontakte Virginia Anatomical Board (Konsèy Anatomik Virginia) nan nimewo (800)447-1706.*

## SEKSYON V - SIYATI AK DWA POU ANILE KONSANTMAN

Depi mwen siyen anba la a, mwen endike mwen kapab sou plan emosyonèl ak mantal pou fè enstriksyon davans sa a, epitou mwen konprann objektif ak efè dokiman sa a.

Mwen rekonèt mwen ka anile tout dokiman sa a oswa nenpòt pati ladan, depi mwen kapab konprann aksyon mwen yo, nan fason ki endike anba la a:

- Alekri, avèk siyati mwen ak dat
- Depi mwen di yon moun mwen vle anile li
- Depi mwen detwi enstriksyon davans sa a oswa depi mwen mande yon moun pou detwi li devan mwen

Siyati Mwen: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Dat nesans pasyan an \_\_\_\_\_

Temwen: pasyan an te siyen dokiman sa a devan mwen.

Temwen #1 \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Non Temwen (an lèt detache) \_\_\_\_\_

Temwen #2 \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Non Temwen (an lèt detache) \_\_\_\_\_

**Nòt Enpòtan: Yon Notè pa obligatwa. Ou ta dwe kenbe touletwa paj dokiman sa a ansanm, menmsi ou te pase kwa nan kèk seksyon.**

Pasyan an pa vle resevwa yon kopi dokiman sa a. (Patient does not want to receive a copy of this document.)

Pasyan an te mande yon kopi dokiman sa a, epi li te resevwa youn. (Patient does want to receive a copy of this document.)

***Felisitasyon poutèt ou fè etap enpòtan sa a!***

**Pale avèk fanmi ou ak moun ki pwòch ou sou sa ou ekri nan Enstriksyon Davans ou. Bay kopi pou Ajan Sante ou ak doktè ou yo, epi sonje pou revize li souvan.**

This is an exact translation of this form in English. Certified by Cyracom on 03/17/2014  
Updated 6/18

